

KOUMAN POU VIN YON LIDÈ NAN



BITASYON FLATBUSH


Before It's Gone//Take It Back (B4G)

Rélé Nou oswa Text Nou En Kréyol: **(707) 200-3692**
Lindi ak Mèkredi 11a-3p

(646) 820-6039 [English]
(513) 445-8532 [Español]
flatbushequality@gmail.com

#BeforeItsGone
#NoEvictionZone
<http://beforeitsgone.co>

#BeforeItsGone #NoEvictionZone
<http://beforeitsgone.co>



KOUMAN POU VIN YON LIDÈ NAN BITASYON FLATBUSH

1. PRÉMYÉ ÉTAP

Rélé Nou! W'ap konékté ak yon pwofesyonèl ki gen résous ak infomasyon pou édé'w Kombat kont Dégèpisman Kriminèl, Kontravansyon Illégal nan men la polis. **Rélé Nou oswa Text Nou En Kréyol: (707) 200-3692** Lendi ak Mèkredi 11a-3p. Otreman Text (646) 820-6039; Email flatbushequality@gmail.com.

2. RANDÉVOU

W'ap appran kouman Dégèpisman Kriminèl afékté tout moun nan Nouyok Siti. W'ap jwen résous stratéji ki pou oganizé'w nan protèksyon lwa civil ou nan bildin oswa zèn ké wap viv la. W'ap employé Men ampil chay pa lou pou sa vin yon B4G Lidè nan Bitasyon'w. W'ap komensé pa oganizé yon réyinion avèk fanmi'w, voisin'w pou **sékirité bitasyon-an**.

Ou ka jwen nou tou sou intenèt—B4G Google group*

3. RÉKONÈT TOUT MOUN NAN VOISINAJ LA

Eské voisin'w oswa ou menm ap konfronté abi illégal nan men lokatè bildin? Kisa nou ka fè ansam pou'n protèjé bitasyon nou? Nou ka rélé 311! Nou ka fè yon démonstrasyon pou nou mandé jistis!

Si ou vlé vin yon B4G Lide nan zòn nan, Email: flatbushequality@gmail.com.

4. SOLIDARITÉ NAN BITASYON FLATBUSH

Lè ou fin appran kouman pou'w vin yon B4G Lidè nan Zòn Katié'w, wap gen posibilite pou travay ak voisin'w ansam ak lòt B4G Lidè, yon fwa pa mwa, pou nou **kréé kampay ak stratéji pou nou Kombat kont Dégèpisman Kriminèl nan Flatbush**.

BITASYON FLATBUSH KONT DÉGÈPISMAN KRIMINÈL

ALIANS "MWEN PWOMÈT":

- 1. Pou mwen rékonèt tout voisin mwen yo, Sipòtè yo, épi poté sékou lè yo nan bezwen.** Mwen pwomèt pou'm lité ak voisin'm yo kont tout moyen illégal ak ékonomik pou yo dégèpi nou. Mwen pwomèt pou'm sipòtè machan ak magazin lokal pou sa kembé yon solidarité Ékonomik. Mwen pwomèt pou'm kampé dibout pou nou kombat **Dégèpisman Kriminèl** nan Flatbush.
- 2. M'ap Rasanblé ak kominoté a: Nan réyinyon, nan légliz, nan manifèstasyon pou Jistis ékonomik sou zafè bitasyon-an.** M'ap fè grèv, poté sékou nan kampay légal kont lokatè gran manjè. **M'ap ofri kominoté a Kado Men Bondyé ban mwen pou sékirité bitasyon-an.**
- 3. M'ap Chèché tout moyen pou nou pa pèmèt NYPD vyolé lwa sivil nou.** Nou rekonèt ké NYPD ak lokate gran manjè se kòkòt ak Figaro. Mwen la pou'm pran photo, ékri, rapòtè tout abi kriminèl nan men la polis. **M'ap jwen sékou nan men pwofesyonèl ki travay ak Equality 4 Flatbush (Egalité pou Flatbush) sila.**



- 4. Mwen pap kitè lokatè malvéyan ak kompayi visyé maltrété ni mwen, ni vvasen mwen yo.** M'ap asirée ke yo kembé bilding yo prop, ran nou sèvis nan apatman yo, épi m'ap débat pou yo pa monté lwayé kay nou illégalmen. M'ap fè tout posib pou mwen **konbat Degèpisman Illégal nan Bitasyon Flatbush**.
- 5. Map patajé bel mémwa ké'm genyen nan Bitasyon Flatbush.** Map posté sou sit intenèt istwa, foto, tablo, pou nou sélébré Kominoté Flatbush la. Nap poté la viktwa ansam ak **"Before It's Gone// Take It Back" (B4G)**.
- 6. Mwen Konen ke piti piti nap rivé jwen la jistis pou Bitasyon Flatbush.**